

SS.7.C.2.4

Evalye dwa yo ki genyen nan Deklarasyon Dwa yo ak lòt amannman nan Konstitisyon an.

SS.7.C.2.4 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 4: Etidyan yo ap itilize senaryo pou idantifye dwa ke Deklarasyon Dwa yo pwoteje.

Lakou Siprèm peyi Etazini an te entèprete dwa yo ki dekri nan **Deklarasyon Dwa yo** depann de ka yo ki te konparèt devan Tribinal la. Depi 1803, Lakou Siprèm peyi Etazini an te gen pouvwa pou deklare lwa federal yo, eta yo, ak lwa lokal yo **pa konstitisyonèl**. Sepandan, Lakou Siprèm peyi Etazini an pa entèprete lwa yo sof si yon pwoblèm nan **konstitisyonalitye** yo konparèt devan Tribinal la e Tribinal la te dakò tande ka a.

Anba a se kèk ka Lakou Siprèm peyi Etazini ki fè fas ak dwa ke Deklarasyon Dwa yo pwoteje.

Non Ka a	Dwa ke Deklarasyon Dwa yo Pwoteje te Boulvèse	Senaryo
<i>Yates v. U.S.</i> (1957)	Diskou	Premye Amandman an pwoteje diskou ekstrèm si li pa prezante yon "danje ki klè ak ki prezan" pou piblik la.
<i>Wisconsin v. Yoder</i> (1972)	Libète pou egzèsis relijye	Yon lwa Wisconsin egzije ke elèv yo ale lekòl jiska laj 16 an vyole libète pèp Amish la pou fonksyone lib e liben.
<i>New York Times v. Sullivan</i> (1964)	Laprès	Premye Amandman an pwoteje piblikasyon tout deklarasyon, enkli deklarasyon ki fo, sou konpòtman ofisye piblik yo, eksepte lè moun yo fè deklarasyon ke yo konnen ki fo.
<i>Cox v. Louisiana</i> (1964)	Rasanble san kraze brize	Premye Amandman an pwoteje asanble pasifik menm lè reyinyon an ka lakòz kèk vyolans.
<i>Brown v. Glines</i> (1980)	Petisyon gouvènman an	Militè pèsonèl yo dwe gen apwobasyon ofisye kap kòmande yo anvan yo voye petisyon bay manm nan Kongrè a.
<i>Furman v. Georgia</i> (1972)	Pinisyon Kriyèl ak ki dwòl	Pèn lanmò pa ka itilize nan yon fason diskriminasyon rasyal - egzanp, lè yo yon gwo pousantaj Afriken-Ameriken te akize pou krim kondane amò konpare ak pousantaj defandan blan ki komèt menm krim yo.
<i>Palko v. Connecticut</i> (1937)	Doub Peril	Yon moun ki kondane pou asasina dezyèm degre aprè ka a eseye pou yon diferan chaj asisina premye degre. Pwoteksyon kont doub peril, yo pat jwenn yo kòm yon dwa nan ka sa a.
<i>Miranda v. Arizona</i> (1966)	Enkriminyasyon pwòp tèt ou/plede zenkyèm Amanman an	Polis ki kesyone moun san yo pa di yo ke yo gen dwa a konsèy ak dwa pou fè silans (pou pa enkrimine pwòp tèt yo) yo vyole dwa senkyèm ak sizyèm Amanman moun sa yo.
<i>Mapp v. Ohio</i> (1961)	Fouy ak Sezi pwopriyete ki pa rezonab	Evidans ke lapolis te rasanble nan yon fouy ki vyole Katriyèm Amanman an pa kapab itilize nan yon dosye kriminèl nan eta a.

akizasyon pwòp tèt ou - dwa ki nan Senkyèm Amanman an ki pwoteje yon moun pou yo pa fòse l di lapolis, pèsekite, jij, oswa jiri nenpòt enfòmasyon ki ta ka lakoz li pou pèsekisyon kriminèl

Deklarasyon Dwa - dis premye amannman yo ki nan Konstitisyon peyi Etazini

doub peril - pouswit jidisyè yon moun yo akize pou yon zak kriminèl ke yo te deja jije; ki entèdi nan Senkyèm Amanman nan Konstitisyon peyi Etazini

fouy ak sezi pwopriyete - pwosesis ke lapolis oswa lòt otorite ki sispèk ke yon moun te komèt yon krim pou fouye pwopriyete l ak kolekte evidans ki gen rapò ak krim lan; pwoteksyon kont fouy ki ilegal ak sezi pwopriyete nou, nan Katriyèm Amanman an

Ki pa Kostitisyonèl – Ki pa an akò avèk Konstitisyon peyi Etazini

Konstitisyonality - si wi ou non yon bagay legal anba Konstitisyon peyi Etazini

libète lapawòl – Dwa yon sitwayen pou l pale lib e liben san gouvènman an pa entèfere; ki garanti nan Premye Amandeman an

libète laprès – dwa laprès pou ekri ak enprime nouvell ekri lèt ak enfòmasyon lib e liben san patisipasyon gouvènman an; ki garanti nan Premye Amanman an

libète pou petisyon gouvènman an - libète pou sitwayen angaje yo nan nenpòt aktivite legal ki san vyolans, pou ankouraje oswa kritike aksyon gouvènman an; ki garanti nan Premye Amanman an

libète pou rasanble san kraze brize - dwa pou fè reyinyon ak òganize gwoup san entèferans gouvènman an; ki garanti nan Premye Amanman an

Pinisyon kriyèl & ki dwòl - pinisyon ke Wityèm Amanman nan Konstitisyon peyi Etazini entèdi; Enkli maspinay oswa lòt fòm pinisyon twò grav pou krim ki komèt la

Plede senkyèm Amanman an – dwa yon moun pou refize temwanyen nan tribinal jistis sou perèz ke repons yo kapab itilize kòm prèv kont li pou kondane li nan yon zak kriminèl

Sous:

“Featured Cases.” *Landmark Cases of the U.S. Supreme Court*. Street Law, n.d. Web. 10 March 2014.

<<http://www.streetlaw.org/en/landmark.aspx,%20oyez.org>>

“You’ve Got Rights.” iCivics.org, n.d. Web. 10 March 2014.

<<https://www.icivics.org/teachers/lessonplans/youve-got-rights>>